

# DEPATMAN-DETA NEW YORK (NYS DEPARTMENT OF STATE) – DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS (DIVISION OF LICENSING SERVICES)

## PWOSEDI EGZAMEN KOSMETOLOJI PRATIK

Sa ki anba la a se yon deskripsiyon metòd egzamen nou pral mande ou pou fè.

Nou pral ba ou enstwiksyon ak yon anons kantite tan nou bay pou chak seksyon egzamen sa a. Pa kòmanse okenn nan metòd yo jouk lè nou ba ou enstwiksyon pou fè sa. Nou pa bay pèmisyon pou kandida yo pale youn ak lòt.

W ap fè pwosedi sa yo sou yon mannken cheve ki gen koulè solid, ki pa koupe, ki pa trete (ki pa boukle, ki san koulè). Mannken fèt pou tounèf (ki pa sèvi déjà) epi li dwe gen yo minimòm longè cheve uit pou (apati dèyè kou a). Tanpri sonje ou PA ka itilize cheve ki gen presyon oswa nenpòt lòt cheve ki bezwen tache nan mannken an. Pou objektif egzamen an, nou konsidere mannken ou kòm menm kliyan an.

Tanpri sonje ou ta dwe manipile fo pwodui yo tankou si yo te vrè pwodui a.

***TANPRI SONJE: Ou dwe montre bon jan metòd sanitasyon ak dezenfeksyon pandan chak aspè egzamen sa a dapre lwa ak règleman konsènan amelyorasyon aparans.***

---

### PREPARASYON ESPAS TRAVAY LA AK PREPARASYON KLIYAN AN

Imedyatman apre nou ba ou espas travay ou, tanpri kòmanse:

**Etap 1** Retire solisyon dezenfeksyon sifas ki melanje davans lan ak materyèl asosye yo nan twous la epi dezenfekte sifas travay nou ba ou apre metòd ki obligatwa yo. ***Sonje pou tache yon sache plastik pou mete sa ou gen pou jete yo nan estasyon travay ou nan moman sa a.***

**Etap 2** Prepare materyèl jeneral ou pral itilize yo pandan tout egzamen ou, epitou prepare atik ki nesesè yo pou pwosedi teknik pou koupe cheve a. ***Sonje pou prezante resipyan ou pou kontaminasyon san nan moman sa a.***

**Etap 3** Dezenfekte men ou epi tache mannken ou nan pòs travay ou avèk yon pens anlè kontwa; kouvrir kò mannken ou epi rete tann lòt enstwiksyon yo.

[Apre egzaminatè a tcheke pòs travay ou, w ap kòmanse chak pwosedi egzamen sèlman lè li ba ou enstwiksyon pou fè sa. Si nou kwè li nesesè, nou ka ba ou egzamen an nan yon lòd diferan pase sa ki prezante anba la a.]

### TEKNIK POU KOUPE CHEVE (50 minit)

W ap itilize szo pou demonstre teknik pou kouche cheve ki gen nivo a katrevèn-dis degre. Toudabò w ap detèmine perimèt la avèk yon gid zewo degre; fwon an ap panche. Answit w ap fè yon koup a nivo, san okenn bwi. W ap itilize liy separasyon vètikal pou kreye yon elevasyon 90 degre. Answit n ap mande ou pou demonstre youn oswa de seksyon avèk yon razwa. W ap demonstre tou kijan pou retire gwo moso cheve anplis yo avèk zouti ou chwazi poukout ou. Ou gen pèmisyon pou kat oswa senk seksyon. Yon longè sispanasyon sis pouz minimòm ak sèt pouz maksimòm dwe rete pou lòt pwosedi yo. (NÒT: Nou pa aksepte koupi pwen nan egzamen sa a.)

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Separe cheve a an seksyon.

**Etap 3** Detèmine perimèt la avèk yon gid elevasyon zewo, apati dèyè kou a epi kontinye nan nenpòt direksyon.

**Etap 4** Detèmine longè cheve ki youn sou lòt la avèk gid nan perimèt la (ou ka koupe apati anlè kràn nan sou anba oswa dèyè kou a sou anlè).

**Etap 5** Detèmine yon elevasyon a katreven-dis degre avèk liy separasyon vètikal.

**Etap 6** Lè ou jwenn endikasyon, epi an prezans dirèk egzaminatè a, itilize yon razwa pou kontinye koup an kouch a katreven-dis degre a.

**Etap 7** Demontre ou retire gwo moso cheve anplis la (avèk sizo pou fofile, razwa, oswa sizo) an prezans dirèk egzaminatè a.

**Etap 8** Retire pens cheve a nan po, sou rad, ak espas travay la (pase bale nan planche ki toutotou espas travay la); re-dezenfekte men ou apre ou fè netwayaj la.

**Etap 9** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò epi prezante materyèl pou seche cheve a.

### **TEKNIK POU SECHE CHEVE PANDAN KWAFI (15 minit)**

Ou pral seche anlè (anlè kràn nan pou rive nan liy cheve devan an) ak youn seksyon bò tèt la (nenpòt pwen kòmansman akseptab) avèk yon bwòs an swa won (nenpòt gwosè). Ou ka mouye cheve a ankò si ou vle (prekosyon: pou ou kapab seche cheve a nèt nan kantite tan nou ba ou a, mouye li yon jan modere tankou pou satire li); ou ka itilize dlo sèlman (pa pwodui). Ou dwe montre ou kontwole pwosedi pou seche cheve a (ou ta dwe itilize pens cheve); nou pa aksepte sechaj owaza. Ou ka itilize yon konsantratè si pou pito, men ou pa gen obligasyon pou fè sa.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Prepare cheve a pou resevwa pwosedi a; mouye li ankò sèlman si li nesesè epi retire nenpòt ne.

**Etap 3** Seche anlè ak yon bò (nenpòt bò) tèt cheve a nan yon mannyè inifòm (anba oswa anwo) avèk yon bwòs an swa won.

**Etap 4** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò.

**Etap 5** Konekte epi limen fè marcel epi prezante materyèl pou boukle tèmik pou prepare ou pou pwochen seksyon egzamen an.

### **BOUKLE TÈMIK/TEKNIK POU ITILIZE FÈ POU PASE CHEVE (15 minit)**

Ou pral demonstre yon total sis bouk (3 bouk silendrik sou baz ak 3 bouk espiral) avèk yon fè elektrik marcel (nou p ap aksepte bouk tankou fwaye fou ni bouk ki gen fòm resò). W ap demonstre twa bouk silendrik yo (sou baz la) anlè tèt la, epitou w ap demonstre twa bouk espiral yo nan bò tèt la ki seche a. W ap demonstre youn nan chak kalite bouk yo an prezans dirèk egzaminatè a. Ou pa ka itilize okenn pwodui pou pwosedi sa a.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Fè twa bouk silendrik (nan baz la) anlè (po tèt la jouk nan pwent lan) avèk manipilasyon fè a (koupe li epi kite li frèt).

**Etap 3** Fè twa bouk espiral sou kote (po tèt la jouk nan pwent; vètikal epi ki pa koupe).

**Etap 4** Ou dwe demonstre youn nan chap bouk tip la an prezans dirèk egzaminatè a: youn silendrik (anlè) epi yon espiral (sou kote).

**Etap 5** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò.

**Etap 6** Dekonekte fè marcel; vlope fè a nan twal oswa kouvri li epi mete li nan bwat la epitou prezante materyèl yo pou plasman woulo yo.

## **DEMONSTRASYON TEKNIK YO:**

W ap fè pwosedi sa yo nan kat operasyon apa. W ap kite nan tout pwosedi ou fè yo pandan pòsyon sa a nan egzamen an jouk lè ou resevwa enstwiksyon egzaminatè ou pou pran nòt (sa ap fèt apre ondilasyon avèk dwèt ou). Ou dwe fè chak pwosedi nan seksyon ki deziyen nan tèt la.

## **PLASMAN WOULO - ANLÈ TÈT LA (10 minit)**

W ap mete twa gwo woulo ki mezire 1 1/8" nan dyamèt (yo ka gen koulè bèj) nan seksyon anlè tèt la apati liy cheve devan an. W ap woule tout twa woulo yo lwen avèk figi a. Ou ka itilize dlo (pa pwodui) pou pwosedi sa a.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Mete premye woulo a nan baz la epi tache li.

**Etap 3** Mete dezyèm woulo a ½ avèk baz la (½ nan baz la) epi tache li.

**Etap 4** Mete twazyèm woulo a lwen baz la epi tache li.

**Etap 5** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò epi prezante materyèl pou ondilasyon pèmanan.

## **RESTRIKTIRASYON CHIMIK: ONDILASYON PÈMANAN - BÒ GOCH (10 minit)**

TOUDABÒ w ap abiye kliyan ou (mannken) pou resevwa yon sèvis chimik. Answit w ap itilize senk oswa plis solisyon pèmanant ki gen longè total (TOUT gri, TOUT blan, oswa TOUT vyolèt) pou konplete panèl ki sou bò goch tèt la. W ap itilize krèm pwoteksyon (jèl) ak riban koton pou pwosedi sa a; ou ka aplike toulède nan zòn devan seksyon sa a oswa nan blòk la nèt; ou gen pèmisyon pou itilize nenpòt. Apre ou aplike koton an, w ap resevwa endikasyon pou demontre aplikasyon losyon ondilasyon an nan moman sa a, epitou w ap resevwa endikasyon pou fè yon bouk tès an prezans dirèk egzaminatè ou. W ap itilize dlo nan yon boutèy aplikatè pou fè tankou se yon losyon ondilasyon pèmanan. Ou dwe mete gan lè w ap pase losyon an ak lè w ap fè bouk tès la.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Kouvri kò kliyan an (mannken an) pou pwosedi chimik yo (kò kliyan an ap rete kouvri pandan dire egzamen an).

**Etap 3** Mete omwen senk solisyon pèmanant (plis si li nesesè pou konplete panèl a) sou bò goch tèt la.

**Etap 4** Pase krèm pwoteksyon an (jèl) ak riban koton nan zòn devan an oswa nan tout blòk la.

**Etap 5** Lè ou resevwa endikasyon egzaminatè a, demontre aplikasyon losyon ondilasyon pèmanan epi fè bouk tès la.

**Etap 6** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò epi prezante materyèl pou ondilasyon bouklèt woule/an fòm c.

## **ONDILASYON BOUKLÈT DYAGONAL WOULE/FÒM C - Bò Dwat Tèt la (10 minit)**

TOUDABÒ W AP fè yon krèt dyagonal sou bò dwat tèt la nan liy cheve devan an, epi apre sa w ap fè twa oswa plis bouk krèt youn sou lòt nan direksyon zegwi mont (ki mezire apeprè yon pouz nan dyamèt) w ap batí nan krèt la nan pwent ouvè fòm nan sou premye panèl a. APRE OU FÔME BOUK KRÈT YO, kontinye pou fè yo fòm c dyagonal dèyè bouk krèt to avèk twa oswa plis bouklèt ki gen twa oswa plis bouk krèt youn sou lòt nan direksyon kontré zegwi mont. Ou ka itilize losyon pou ondilasyon avèk dwèt ou oswa dlo.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Mouye cheve a si li nesesè epi fè sou-seksyon.

**Etap 3** Sou premye panèl a, fòme yon krèt dyagonal, apre sa fè twa oswa plis bouk krèt youn sou lòt (apeprè yon pouz nan dyamèt) w ap bati nan krèt la nan pwent ouvè fòm nan.

**Etap 4** Nan dezyèm panèl a, bati bouk yo nan fò c (3 oswa plis bouk youn sou lòt nan direksyon kontrè mont) pou fè yon fòm c dyagonal dèyè bouk krèt yo.

**Etap 5** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò epi prezante materyèl pou ondilasyon avèk dwèt.

### **ONDILASYON AVÈK DWÈT - Dèyè Tèt la (10 minit)**

W ap fè yon ondilasyon (de krèt) apati pwent ouvè moulaj nan dèyè tèt la (ondilasyon an ka orizontal, vètikal, oswa dyagonal). Ou ka chwazi pou itilize losyon ondilasyon avèk dwèt ou; ou PA ka itilize jèl. Ou ka itilize dlo alaplas oswa anplis losyon ondilasyon avèk dwèt ou.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Mouye cheve a si li nesesè epi penyen li yon jan lis.

**Etap 3** Fòme yon ondilasyon avèk krèt ki espase ak defini egalego.

**Etap 4** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò epi prezante materyèl pou bouchaj.

### **SÈVIS CHIMIK:**

W ap fè tankou w ap itilize pwodui sa yo (bouchaj, kolorasyon cheve, ak redrèsman/defrisaj) nan twa operasyon apa. W ap kòmanse separe tèt la an kat seksyon egalego. Ou DWE fè chak pwosedi nan seksyon ki deziyen nan tèt la. W ap fè defrisaj cheve vyèj ak retouch nan menm operasyon an.

### **SIMILASYON BOUCHAJ (VYÈJ) - Fwon Dwat Tèt la (15 minit)**

W ap demonstre twa ondilasyon ak twa tranch. Ou DWE fè youn an prezans dirèk egzaminatè ou. W ap itilize kolestewòl pou similasyon sa a avèk metòd bòl ak bwòs. W ap itilize 1/4 pou sou-seksyon; sou-seksyonaj angilè ak paralèl akseptab. Ou ka kòmanse aplikasyon ou swa anlè oswa anba seksyon an. Ou pa dwe fè bouchaj dèyè (ou dwe kite cheve vyèj la ant bouchaj yo). Nou PA aksepte ou itilize kat kontwòl/planch dòsal oswa peny ondilasyon ki fòme davans.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Step 2** Fè sou-seksyon nan cheve a.

**Etap 3** Fè twa ondilasyon. [Nòt: Ou ka altène ondilasyon ak tranch yo.]

**Etap 4** Fè twa tranch [Nòt: Ou ka altène ondilasyon ak tranch yo.]

**Etap 5** Ou dwe demonstre yon ondilasyon ak yon tranch an prezans egzaminatè a.

**Etap 6** Retire nenpòt materyèl ak zouti ki pa nesesè ankò epi prezante materyèl pou retouch kolorasyon cheve a.

## **SIMILASYON KOLORASYON CHEVE (RETOUCH) - Dèyè Adwat (10 minit)**

W ap demonstre yon retouch koulè ki mezire  $\frac{1}{2}$  pouz avèk sou-seksyon ki mezire  $\frac{1}{4}$  pouz. W ap itilize kolestewòl pou similasyon sa a avèk metòd bòl ak bwòs.

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Pase pwodui simile nan sou-seksyon yo.

**Etap 3** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò epi prezante materyèl pou defrisaj/redrèzman.

## **RESTRIKTIRASYON CHIMIK (DEFRISAJ AVÈK TIJ) - VYÈJ (Devan Agoch) ak RETOUCH (Dèyè Agoch) (25 minit)**

TOUDABÒ w ap fè yon defrisaj cheve vyèj. APRE OU FÈ DEFRISAJ VYÈJ LA, answit w ap fè yon retouch defrisaj ki mezire  $1 \frac{1}{2}$  pouz. W ap itilize kolestewòl pou fè tankou se pwodui redrèzman ou. Ou gen pèmision pou itilize yon bwòs tenti -oswa- espatil kolorasyon -oswa-peny ki gen ke pou aplikasyon sa a. Ou dwe itilize yon baz pou pwosedi vyèj ak pwosedi retouch la; ou dwe aplike baz pwoteksyon (jèl) nan zòn vyèj ak nan zòn retouch la nan menm operasyon an. NÒT: W ap sèlman demonstre aplikasyon pwodui a (pa penyen nèt).

**Etap 1** Prepare tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fè pwosedi sa a si ou potko fè li. Lè ou resevwa enstwiksyon yo:

**Etap 2** Pase jèl pwoteksyon an.

**Etap 3** Fè defrisaj vyèj la avèk pwodui simile a.

**Etap 4** Fè retouch defrisaj ki mezire  $1 \frac{1}{2}$  pouz avèk pwodui simile a.

**Etap 5** Retire nenpòt materyèl ak zouti nan sifas travay la ki pa nesesè ankò.

## **NETWAYAJ ESPAS TRAVAY**

Lè ou resevwa enstwiksyon, anbale materyèl ou yo, epi netwaye espas travay ou. Answit, rete tann yon egzaminatè pou ranvwaye ou. Ale avèk tout atik yo (ou pa ta dwe kite anyen dèyè).

**Etap 1** Estoke zouti ou te itilize yo kòrèkteman pou transpò.

**Etap 2** Netwaye pòs travay ou (sifas travay la). Pase bale nan zòn planche a si li nesesè.

**Etap 3** Anbale tout materyèl ak zouti yo. Sof si ou jwenn enstwiksyon kontrè, ou dwe ale avèk sache dechè yo.

**Etap 4** Soti nan egzamen an dousman lè egzaminatè a ranvwaye ou.